



Newark
Board of Education
Roger León, Superintendent

Kote Pasyon ye, gen Pwogrè



Gid pou Enstriksyon Adistans nan Ka Ijans 2024-2025

Gid pou Enstriksyon Adistans nan Ka Ijans

An konfòmite avèk Lwa P.L. 2020, Chapit 27 Eta New Jersey a, ansanm ak direktiv Depatman Edikasyon Eta New Jersey a, Konsèy Edikasyon Neward (Newark Board of Education, NBOE; Distri) ap aplike ***Gid pou Enstriksyon Adistans nan Ka Ijans*** lan pandan peryòd kote yon Distri fèmen pandan plis pase **twà (3) jou youn apre lòt** akòz yon eta dijans yo deklare, yon ijans sante piblik yo deklare, oswa yon direktif ajan oswa ajans sante ki apwopriye a bay nan objektif pou fèmen distri a akòz yon kesyon sante piblik.

Gid pou Enstriksyon Adistans nan Ka Ijans lan ap pèmèt yo kontinye bay enstriksyon pou satisfè egzijans 180 jou a an konfòmite avèk N.J.S.A. 18A:7F-9(c) ak N.J.A.C. 6A:32-13.1 epi 13.2. Nou konsidere yon jounen ansèyman vityèl oswa adistans tankou ekivalan yon jounen prezans konplè nan lekòl nan objektif pou respekte egzijans Eta a ak kolektivite lokal yo nan kesyon jwenn diplòm, jwenn kredi pou kou, ak lòt bagay menm jan an, jan Komisè Edikasyon New Jersey a detèmine sa.

Depatman Edikasyon New Jersey a (New Jersey Department of Education, NJDOE) rekonèt, pa gen okenn metòd inik ki egziste pou bay yon enstriksyon adistans, men, li pwopoze liy direktif sa yo pou ofri eksperyans aprantisaj adistans yon fason pou konble bezwen tout moun ki ap aprann yo:

- rekonèt enpòtans pou gen fleksibilite nan kesyon orè ansanm ak aksè nan teknoloji;
- angaje elèv yo nan yon seri eksperyans aprantisaj enpòtan epi ki gen sans;
- fè lyen ant sa elèv yo te aprann rive jis kounye a nan ane a avèk nouvo eksperyans aprantisaj yo pral angaje yo a;
- pèmèt elèv yo chwazi epi fè tandè vwa yo kou sa posib/apwopriye nan sa ki gen rapò ak fason elèv yo angaje yo nan eksperyans lan epi/oswa fason yo demontre aprantisaj yo a;
- sonje elèv yo aprann yon pakèt fason ki diferan, epi demontre fleksibilite nan fason yo angaje yo nan nouvo aprantisaj la (pa egzanzp, lekti, videyo); epi
- ankouraje elèv yo pou yo reflechi poukont yo sou aprantisaj yo a.

Objektif ***Gid pou Enstriksyon Adistans nan Ka Ijans*** Distri a se mete sou pye yon pwogram olistik ansèyman adistans. Dokiman sa a ap bay konsèy ki nesèsè pou ansèyman adistans lan; epitou, chak direktè lekòl ap pataje yon seri enfòmasyon byen presi avèk manm pèsònèl lekòl yo a, elèv yo ak fanmi yo.

Anplwaye ki esansyèl yo enpòtan anpil pou mete plan sa a sou pye. Distri a idantifye tout manm pèsònèl nan lekòl yo ak biwo santral la kòm anplwaye ki esansyèl (direktè, pwofesè, enfimyè, sekirite, enstalasyon, sèvis alimantè, pèsònèl sipò, elatriye). N ap bay yon lis anplwaye ki esansyèl nan biwo konte a nan ka kote yo deklare yon ijans ki lakoz yo fèmen lekòl nan tout Distri a.

Lis Kontni yo

Aksè Ekitab ak Opòtinite pou Enstriksyon	3
Orè Eskolè	
Enstriksyon ki Senkwonize epi ki Pa Senkwonize	
Rezoud Pwoblèm Divizyon Nimerik la	4-5
Aksè nan Entènèt, Rezo ak Aparèy	
Sistèm Suivi	
Sipò Teknoloji	
Platfòm Ansèyman	5-7
Timoun Piti	8-8
Edikasyon Espesyal	8-9
Moun k ap Aprann Anglè	9-10
Responsabilite Elèv, Pwofesè, Administratè, Asistan Pwofesè ak Paran yo Pandan Ansèyman Adistans lan	11-11
Sèvis Sipò ki Kontribiye pou Elèv yo Reyisi	12-15
Prezans	
Evalyasyon ak Nòt	
Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl	
Sipò Konplemantè	
Livrezon Repa an Sekirite	
Lokal pou Distribye Repa	
Transpò	
Enstalasyon	
Lòt Pwogramasyon	16-16
Opòtinite Aprantisaj Akselere	
Aprantisaj Pwolonje	
Pwogram Sant Aprantisaj Kominotè 21 ^{èm} Syèk	
Rekiperasyon Kredi	
Eksperyans Sal Klas Pwolonje	
Pwogram Ko-kourikoulòm	
Pwogramasyon Kominotè	
Leson Patikilye	
Apenndis A: Resous ak Zouti Aprantisaj Anliy pou Soutni Elèv/Fanmi	18
Apenndis B: Resous ak Zouti Aprantisaj Anliy pou Soutni Pwofesè	19

Aksè Ekitab ak Opòtinite pou Enstriksyon

Distri a ap asire pou tout elèv yo gen yon aksè ki ekitab nan pwogram etid ak pwogramasyon an pandan yo fèmen lekòl yon fason ki pwolonje.

Orè Eskolè

Lè lekòl nòmal la ap rete menm jan an pandan ansèyman adistans lan:

- Elemantè: 8:20 nan maten jiska 3:00 nan apre midi
- Lekòl Segondè: 8:20 nan maten jiska 3:00 nan apre midi

Distri a rekonèt li enpòtan pou etabli yon konsistans pandan aprantisaj adistans lan pou ede elèv yo reyisi. Chak lekòl ap etabli yon kalandriye chak semèn, ki konsistan pou peryòd kou yo reflekte, nan mezi sa posib, yon jounen lekòl an pèsòn.

Ansèyman Adistans pou elèv nan klas PK-12 yo kapab gen ladan l, leson ki pa senkwonize ak leson ki senkwonize. Elèv yo ap resevwa yon pwogram nan men pwofesè a ki endike kilè chak leson ap fèt.

Enstriksyon ki Senkwonize epi ki Pa Senkwonize

Ansèyman senkwonize a fèt nan tan reyèl grasa yon seri sesyon tchat videyo an dirèk. Distri a itilize Webex pou kou anliy an dirèk sa yo. Elèv ki pa kapab patisipe nan ansèyman ki senkwonize yo, pou kèlkeswa rezon an, kapab egzamine leson ki anrejistre a nan yon lòt moman.

Leson senkwonize yo fèt an dirèk. Se yon seri leson pwofesè yo òganize avèk klas yo grasa yon platfòm anliy kote elèv yo kapab patisipe. Pwofesè yo itilize Webex pou kominike dirèkteman avèk elèv yo. Tèm yo trete yo se, san se pa sa sèlman: modelizasyon grasa pwofesè a, lekti awotvwa, ekriti pou reponn yon tèks, konvèsasyon nan klas, konvèsasyon ant patnè, leson sou estrateji ak/oswa konpetans, espikasyon pwofesè a, enstriksyon pou devwa yo.

Sesyon ansèyman ki pa senkwonize yo fèt nan plizyè moman diferan. Elèv yo kapab konekte nan yon sistèm jesyon aprantisaj, gade yon leson ki te deja anrejistre epi/oswa patisipe nan yon seri aktivite pandan tan lib yo. Pwofesè yo kapab bay materyèl, resous, tès ak devwa ki kapab aksesib nan nenpòt moman. Nan aprantisaj ki pa senkwonize a, an jeneral, enstriktè yo etabli yon pakou aprantisaj pou elèv yo suiv selon pwòp rit pa yo.

Rezoud Pwoblèm Divizyon Nimerik la

Aksè nan Entènèt, Rezo ak Aparèy

Distri a kontinye bay yon Aksè gratis nan Entènèt pou elèv ki gen Chromebooks Distri a, atravè sèvis Wi-Fi Altice Optimum yo. Konsa, nenpòt elèv ki ap viv nan yon zòn nan vil la ki gen kouvèti Wi-Fi Altice Optimum kapab kontinye konekte sou Entènèt lè li annik seleksyone SSID Optimum Wi-Fi a. Epitou, Distri a ap kontinye finanse acha Pwen Aksè Wi-Fi Verizon pou yon kantite elèv ki ap viv nan zòn kote ki pa gen kouvèti Wi-Fi Optimum epi ki kapab bezwen gen Aksè nan Entènèt. Nou te achte yon bann Chromebooks epi nou te bay chak grenn elèv nan tout lekòl yo. Aktyèlman, Distri a gen yon rasyo 1 elèv pou 1 aparèy. Distri a te etabli yon sik rafrechisman pou tout teknoloji yo ap itilize nan Distri a, san wete aparèy elèv yo, yon fason pou gen asirans, elèv yo gen aksè nan yon seri aparèy resan nan nenpòt moman. Distri a ranplase aparèy elèv yo anvan yo pase mòd. Epitou, Distri a ap fè bon jan efò pou repare oswa ranplase aparèy ki andomaje oswa ki vin pa itil yo, yon fason pou asire, pa gen anyen ki deranje aksè elèv yo genyen nan resous teknoloji ak aprantisaj adistans lan.

Distri a deside fè yon reparasyon konplè nan enfastrikti rezo a epi modènize enfastrikti tekonolojik distri a pou soutni yon ansèyman adistans epi ki ibrid ansanm ak adopsyon tekonolojik pou pwochen jenerasyon an chak lè yo disponib. Anplis, distri a te etabli yon ekosistèm Sekirite Enfòmasyon ki sipòtan, pou fasilite yon anviwònman enfòmasyon ki asire epi ki an sekirite pou elèv yo ak anplwaye yo.

Sistèm Suivi

Distri a itilize plizyè metòd pou fè suivi teknoloji, sitou aparèy itilizatè final yo. Tout aparèy yo anrejistre nan yon seri platfòm konsòl jesyon korespondans ki te etabli pou chak kalite aparèy anvan yo te voye yo nan lekòl yo. Konsa, Chromebooks anrejistre nan konsòl Jesyon Google la, alòske aparèy Apple yo anrejistre nan platfòm Jesyon Aparèy Mobil JAMF. Menm jan an tou, aparèy Windows yo anrejistre sou platfòm Intune Microsoft la. Touletwa platfòm yo baze anliy epi yo aksesib depi nenpòt kote a. Platfòm sa yo bay enfòmasyon detaye sou aparèy yo, san wete enfòmasyon sou karakteristik teknik aparèy yo, lokalizasyon yo, itilizasyon yo, itilizatè ki posede aparèy la, elatriye. Anplis suivi elektwonik santralize nou site anwo a, tout paran ak manm pèsònèl yo siyen yon kontra avèk Distri a ki met aksan sou fason yo atann pou itilize aparèy yo kòrèkteman, ansanm ak sanksyon ki asosye avèk neglijan oswa devyasyon parapò ak pratik estanda ki etabli yo. Lekòl yo kenbe yon seri kopi nan kontra sa yo. Li bon pou remake, Divizyon Teknoloji Enfòmasyon an (Division of Information Technology, DIT) bay lekòl yo yon envantè aktyalize konsènan Chromebooks yo a sou yon baz chak semèn pou ede yo suiv aksè elèv yo nan aparèy yo. Epitou, tout òdinatè pòtab Windows yo gen yon lojisyèl suivi ki ap ede Distri a lokalize epi rejwenn aparèy ki kapab pèdi oswa yo kapab vòlè yo.

Sipò Teknoloji

Divizyon Teknoloji Enfòmasyon (DIT) an te mete sou pye yon sistèm tikè pou Sèvis Èd ki baze anliy, ki ap pèmèt anplwaye ki la pou bay sipò yo konekte epi gen aksè sou platfòm nan nenpòt kote yo ta ye nan monn nan. Sa ap pèmèt manm pèsonèl Sèvis Èd la travay adistans nan kolaborasyon epi pou antre ak jere apèl yo resevwa nan Sèvis Èd la. Anplis desa, DIT bay lekòl yo posibilite pou antre tikè yo adistans nan sistèm tikè a san yo pa rele Sèvis Èd la. Opsyon pou rele oswa voye imèl bay Sèvis Èd DIT a nan ka kote gen pwoblèm teknik, toujou disponib. Epitou, DIT te mete sistèm Avaya Voice Over IP a sou pye, yon sistèm ki ap pèmèt manm pèsonèl DIT yo reponn telefòn adistans grasa vèsyon Soft telefòn nan. Sa ap pèmèt manm pèsonèl sipò a travay adistans epi resevwa apèl itilizate yo. Mete sou sa, DIT te mete yon mekanis kontwòl adistans sou pye ki ap pèmèt pèsonèl sipò a ede itilizate yo adistans nan nenpòt kote nan monn nan lè yo rele pou mande èd. Epitou, DIT te etabli yon aksè adistans sekirize ki gen plizyè faktè pou aplikasyon entèn Distri a, ki ap pèmèt manm pèsonèl inite operasyonèl yo gen aksè nan aplikasyon sa yo adistans. Epitou, ekip èd DIT a itilize Cisco Webex ak Microsoft Teams pou kolaborasyon ant ekip enfòmasyon yo ak itilizate final yo pandan èd adistans lan.

Platfòm Ansèyman

Yo kapab bay enstriksyon adistans yon fason ki senkwonize epi ki pa senkwonize pou tout elèv yo. Pwofèsè yo ap itilize platfòm sa yo pou konekte ansanm ak elèv yo chak jou, lè sa nesèsè.

Clever Student Portal	Pòtay etidyan ki bay aksè ak resous yo epi ak materyèl pou etidyan yo ansanm ak sistèm jesyon aprantisaj la.
Google Classroom/Google Suite	Sistèm Jesyon Aprantisaj ki pèmèt edikatè yo konekte avèk elèv yo, pataje devwa yo, kolekte travay elèv yo, epi fè kòmantè pou moun ki ap aprann yo.
Lumio	Platfòm nimerik ki pèmèt edikatè yo difize kontni, verifye si elèv yo konprann, epi pwopoze yon seri bèl aktivite pou ede elèv yo montre konpreyansyon yo nan tout pwogram eskolè a.
Pear Deck	Platfòm nimerik ki pèmèt edikatè yo transfòme prezantasyon yo nan eksperyans aprantisaj entèaktif, kote edikatè yo kapab verifye si elèv yo konprann, resevwa ak fè kòmantè, epi pèmèt elèv yo pran angajman, pou asire yo tout moun k ap aprann yo ap patisipe nan leson an yon fason aktif.
Screencastify	Platfòm ki pèmèt ni atidyan yo ni pwofèsè yo kreye kontni nan fòm odyo ak videyo.
Webex	Platfòm konferans sou entènèt ki pèmèt edikatè yo rankontre elèv nan klas yo ann antye, an ti gwoup, epi endividyèlman pou fè klas, fè kòmantè, epi rankontre avèk elèv yo, lòt edikatè, epi fanmi yo.

Nou te achte pwogram lojisyèl aprantisaj sa yo pou lekòl ki gen nivo eskolè byen presi. Nou itilize anpil zouti teknoloji anliy pou pèmèt elèv yo gen aksè nan pwogram ansèyman jeneral.

Bookshare , Tout Nivo Klas yo	Disponib pou elèv ki pa kapab li bagay ki enprime. Yo ka itilize resous sa a pou elèv ki disleksik yo, ki avèg, ki gen enfimite motris serebral oswa ki gen lòt pwoblèm pou fè lekti.
Common Lit , Klas 6 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Materyèl pedagogik pou Klas Anglè (Lang ak Literati).
Described Caption and Media Program , Tout Nivo Klas yo	Resous sa a egziste pou anseye elèv ki gen andikap sansoryèl yo, ansanm ak paran epi pwofesè yo. Bibliyotèk Pwogram Medya ak deskripsyon videyo epi soutitraj (Described and Captioned Media Program, DCMP) pwopoze yon seri videyo edikatif deskriptif ansanm ak kontni entèaktif ki gen soutit sou demann, pou avantaj elèv klas K-12 ki soud, malantandan, avèg, pa wè byen, oswa ki bèbè yo. Pwofesè/entèprèt (san wete moun ki toujou nan fòmasyon yo), lòt pwofesyonèl, ak manm fanmi ki itilize yo nan avantaj elèv sa yo, kapab aplike pou gen aksè nan tout medya ak fòmasyon DCMP yo.
Discovery Education , Klas Matènèl jiska 12 ^{èm} ane	Platfòm entèdisiplinè ki pèmèt edikatè ak elèv yo gade videyo, atik ak lòt materyèl pedagogik ki soutni epi konplete kesyon aprantisaj la nan tout domèn kontni yo.
Dreambox , Klas K-8	Platfòm matematik siplemantè ki ede moun ki ap aprann yo rafine konpetans yo nan plizyè konsèp matematik epi ranfòse konpetans yo deja anseye yo.
EdPuzzle , Tout Klas yo	Lòt platfòm ki pèmèt edikatè yo anseye san yo pa andirèk ak kapsite evalyasyon epi kòmantè.
Google Read and Write , Tout Nivo Klas yo	Tèks ki vin Pawòl Pawòl ki vin Tèks Loup Maskaj Ekran Pwen enpòtan Prediksyon Mo
Great Minds , Klas Matènèl jiska 3 ^{èm} ane	Platfòm fonetik pou elèv Matènèl jiska 3 ^{èm} ane yo
Resous Pedagogik pou Syans HMH Sosyal , Klas 6 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Elèv yo kapab gen aksè nan liv yo epi itilize yon seri fonksyon tankou tèks ki vin pawòl.
Imagine Learning , Tout Nivo Klas yo	Aksè nan liv epi resous anliy pou klas matematik.

Pòtay IQWST pou Syans , Klas 6 ^{èm} jiska 8 ^{èm} ane	Aksè nan liv epi resous anliy pou klas Syans.
Learning Ally , Tout Nivo Klas yo	Tèks ki vin Pawòl avèk vwa moun Elèv yo kapab kontwòle vitès la epi itilize lòt fonksyon nan Learning Ally.
McGraw Hill pou Edikasyon sou Sante ak Edikasyon Fizik , Klas 9 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Aksè ak manyèl anliy yo pou kou edikasyon fizik ak sou sante epi resous pou etidyan yo ak pwofesè yo.
McGraw Hill pou Syans , Klas K-5 ak 9 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Aksè nan liv anliy yo pou kou syans yo ak resous pou etidyan yo ak pwofesè yo.
Newsela , Klas 9 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Materyèl pou lekti yo bay anliy. Yo ap adapte nivo materyèl lekti yo ak nivo lekti elèv la. Pa itilize posibilite tèks ki vin pawòl la avèk resous tèks sa a, yo klase selon nivo lekti yo. Yon tèks yo klase selon nivo lekti a se yon posibilite pou elèv yo angaje yo nan lekti yon fason ki endepandan.
NoRedInk , Klas 6 ^{èm} jiska 12 ^{èm} ane	Platfòm ekriti siplemantè ki bay moun ki ap aprann yo leson ak done pou ede yo ekri, epi ki pèmèt elèv yo amelyore konpetans yo nan ekriti.
Picto-selector , Tout Nivo Klas yo	Tablo Kominikasyon Vizyèl Woutin Vizyèl
ReThink Ed , Tout Nivo Klas yo	Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl
Signing Savvy , Tout Nivo Klas yo	Signing Savvy se yon diksyonè lang siy ki gen plizyè milye videyo lang siy gwo rezolisyon nan Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL), mo ki eple avèk dwèt ansanm ak lòt siy komen yo itilize nan peyi Etazini ak Kanada.

Distri a pran angajman pou asire li tout elèv yo gen yon aksè ki ekitab nan pwogram etid la ansanm ak pwogramasyon an. Pwogram sible ak detaye pou Timoun Piti, Edikasyon Espesyal, epi pou Moun ki ap Aprann Anglè yo enpòtan pou rive atenn objektif sa a.

Timoun Piti

Ansèyman adistans pou klas preskolè yo ap gen yon konbinezon ansèyman ki senkwonize epi ki pa senkwonize, pwofesè a ak pwofesè asistan li an ap bay. Ansèyman senkwonize a dwe fèt nan yon seri sesyon 15 minit sou konpozan sa yo:

- Leson nan Gwo Gwoup
- Leson Matematik nan Ti Gwoup (gwoup ki baze selon nivo elèv yo)
- Leson Alfabetizasyon nan Ti Gwoup (gwoup ki baze selon nivo elèv yo)
- Lektü Awotvwa (ki kapab pa senkwonize oswa senkwonize)

Lektü Awotvwa ki pa senkwonize yo dwe gen ladan yo yon seri kesyon ki pèmèt paran/responsab legal yo patisipe avèk elèv yo, epi pou yo fini ak yon aktivite elèv la kapab fè apre sesyon an ki koresponn ak objektif aprantisaj la. Ni pwofesè a ni pwofesè asistan an ap kolekte dokiman sou kwasans ak aprantisaj elèv la, y ap ajoute sa yo nan Estrateji Ansèyman GOLD la yon fason pou suiv rezilta elèv la. Biwo Pwoteksyon Timoun Piti a ap bay pwofesè ak pwofesè asistan yo yon fòmasyon ki ap kontinye pandan tout ane eskolè a. Fòmasyon yo ap fèt pandan devlopman manm pèsònèl la ak Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl yo (Professional Learning Communities, PLC) anndan lekòl la.

Edikasyon Espesyal

Newark Board of Education pran angajman pou bay yon edikasyon piblik apwopriye epi gratis (free and appropriate public education, FAPE), pandan li ap kontinye pwoteje sante ak sekirite elèv ki gen andikap yo ansanm ak moun ki ap bay elèv sa yo yon edikasyon, enstriksyon espesyalize, ak sèvis ki konekte avèk yo. Sepandan, lwa federal sou andikap la ofri yon sèten fleksibilite pou detèmine fason pou konble bezwen elèv ki gen andikap yo. Pou detèmine fason yo dwe bay FAPE a, sa dwe kapab diferan nan peryòd ijans sa a.

Pou konble bezwen inik elèv ki gen andikap yo, manm pèsònèl la ap kontinye travay ak fanmi yo nan kolaborasyon pou idantifye sèvis yo kapab bay pou chak elèv. Distri a ap bay fòmasyon, resous, ak zouti pou soutni ekip Pwogram Edikasyon Pèsònalize (Individualized Education Program, IEP) yo nan efò pou detèmine sèvis ki nesèsè yo.

- Pwofesè ansèyman jeneral, ansèyman espesyalize, ak founisè sèvis ki lye yo ap kolabore ak fanmi yo pou pale sou bezwen endividyèl elèv yo ak aksè nan pwogram etid ak pwogrè ki fèt nan reyalizasyon objektif IEP yo, si sa nesèsè.
- Pwofesè ansèyman jeneral ak/oswa ansèyman espesyal yo ap rankontre avèk elèv yo sou fòm vityèl grasa platfòm anliy yo pa mwayen metòd senkwonize (Webex) ak metòd ki pa senkwonize (Google Classroom).

- Gen parapwofesyonèl ki ap bay yon èd pedagogik adistans. Y ap kenbe yon kominikasyon ouvri avèk pwofesè, administratè, elèv, ak fanmi yo nan jou ki asiye yo, y ap soutni elèv yo, epi bay yon sipò konstan pou elèv ki deziye yo pa mwayen imèl, lè sa nesese.
- Tout pwogram ansèyman espesyal adistans yo ap kontinye suiv egzijans laj ak wotè Depatman Edikasyon New Jersey (New Jersey Department of Education, NJDOE) bay yo.
- Distri a ap kontinye idantifye, lokalize, epi evalye elèv yo sispèk ki gen yon andikap epi ki bezwen jwenn sèvis ansèyman espesyal an konfòmite avèk liy direktif Eta a.
- Distri a ap fin fè evalyasyon inisyèl ak re-evalyasyon adistans yo an konfòmite avèk liy direktif sante piblik la pou asire yo respekte dat limit yo bay la.
- Tout reyinyon IEP yo ap fèt adistans atravè Webex oswa nan telefòn. Distri a ap kontinye respekte dat limit yo fikse pou reyinyon IEP yo epi li ap asire li patisipan ki mandate yo prezan nan reyinyon IEP yo.
- Jesyonè Dosye yo ap kontinye kontakte paran yo atravè imèl, telefòn, ak kourye lapòs pou kontwole sèvis ansèyman espesyal yo ansanm ak pwogrè ki fèt parapò ak objektif IEP elèv la.
- Manm pèsònèl Ansèyman Espesyal yo ap fè yon seri kontwòl chak semèn bò kote fanmi yo ak elèv yo, yo ap endividalize aksè nan zouti aprantisaj anliy yo epi yo ap pèsonalize materyèl yo pou konble bezwen elèv yo.
- Nan kolaborasyon avèk Biwo Angajman Paran yo, Parent University ap kontinye bay paran elèv ansèyman espesyal yo posibilite pou resevwa yon seri enfòmasyon ansanm ak kou ki enpòtan nan diferan lang.
- Y ap bay sèvis ki konekte yo (terapi lapawòl, terapi okipasyonèl, terapi fizik, ak konsèy) adistans (Webex oswa Google Meet). Sepandan, gen yon evalyasyon ak konsiderasyon pou chak elèv ki dwe fèt yon fason pou detèmine si li apwopriye pou bay sèvis vityèl yo.
- Chak founisè sèvis endividyèl ap note dokiman pou sèvis IEP preskri yo sou yon baz chak semèn avèk yon seri rejis sèvis epi/oswa suivi pou chak elèv. Y ap note pwogrè elèv yo nan bilten eskolè yo, epi chak twa (3) mwa, paran yo ap resevwa yon seri rapò pwofesè a ak founisè sèvis ki konekte yo voye.
- Se pwofesè klas la ak parapwofesyonèl la ki ap mete tout amenajman ak modifikasyon yo sou pye adistans, si sa apwopriye. Distri a ap gen aksè nan yon seri zouti aksesibilite pou soutni bezwen elèv yo.
- Y ap mennen yon seri aksyon sansibilizasyon ak edikatif bò kote fanmi yo pou ede yo konprann kisa aprantisaj adistans lan ye ak fason pou yo soutni pitit yo pandan gen ijans. Y ap òganize reyinyon chak mwa pou suiv bezwen elèv yo ansanm ak bezwen fanmi yo.

Moun ki ap Aprann Anglè

Newark Board of Education pran angajman pou kontinye sèvi Moun ki ap Aprann Anglè yo (English Language Learners, ELL). Pandan ansèyman adistans lan, manm pèsònèl la ap kontinye mete yon seri estrateji ansèyman sou pye pou reponn bezwen akademik ak lengwistik elèv ELL yo. Epitou, responsab Distri a ansanm ak manm pèsònèl sipò eskolè yo ap kontinye travay nan patenarya avèk fanmi yo pou bay resous ak zouti ki nesese pou reyisit akademik elèv ELL yo.

- Moun ki ap Aprann Anglè yo ap kontinye resevwa sèvis sipò lengwistik ki obligatwa yo, ladan li gen yon peryòd Anglè estanda chak jou antanke Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL).
- Pwofèsè bileng ak ESL yo ap rankontre avèk elèv yo sou fòm vityèl grasa platfòm anliy yo atravè metòd senkwonize (Webex) ak metòd ki pa senkwonize (Google Classroom).
- Pwofèsè bileng ak ESL yo ap kolabore ansanm epi yo ap planifye leson sou mezi pou konble bezwen elèv ELL yo. Y ap travay pou pèmèt kontni kourikoulòm nan vin konpreyansib pou elèv yo.
- Leson yo met sou pye yo ap konsantre sou ede elèv yo devlope tèt yo nan domèn Koute, Pale, Lekti, ak Ekriti.
- Pwofèsè Bileng/ESL ak Ansèyman Espesyal yo ap kontinye fè planifikasyon ansanm pou soutni bezwen elèv yo idantifye yon fason doub antanke moun ki bezwen sèvis sipò lengistik ak ansèyman espesyal. Y ap konsantre sou itilize yon seri pratik Konsepsyon Inivèsèl pou Aprantisaj ak pi bon pratik aprantisaj lang pou soutni kwasans elèv yo.
- Elèv ELL yo ap gen aksè nan plizyè platfòm teknoloji tankou Google Classroom, Flipgrid ak Discovery Education pou soutni fason yo ap aprann kontni ak lang lan.
- Moun ki ap Aprann Anglè yo ap jwenn sipò atravè platfòm anliy Lexia English la.
- Pami leson y ap bay yo, ap gen yon seri mini-leson pou moun yo idantifye ki ap aprann Anglè yo, tankou nouvo yo, pou konble bezwen byen presi.
- Elèv ELL yo ap ranpli yon seri tach pedagogik chak jou, ki antre nan leson yo, yon seri tach yo ap itilize pou mezire pwogrè elèv yo.
- Biwo Edikasyon Bileng lan ap travay avèk lekòl yo pou mete sou pye yon seri pwotokòl ko-ansèyman ak posibilite pou itilize kèk platfòm videyo konferans ki pèmèt pwofèsè ansèyman jeneral ak ESL yo bay leson yo avèk sipò entegre ELL.
- Pwofèsè bileng ak ESL yo, ansanm ak administratè lekòl ak manm pèsònèl sipò yo, ap kontinye resevwa fòmasyon sou fason pou yo kreye eksperyans ansèyman ak aprantisaj ki sensib ak kilti yo, pou soutni aprantisaj sosyo-emosyonèl ak ansèyman ki pran kesyon twomatis la an konsiderasyon pou elèv ki touche akòz migrasyon fòse nan peyi kote yo soti a. Se Biwo Edikasyon Bileng lan ki ap bay fòmasyon an.
- Sit entènèt Distri a ap kontinye ofri paran yo enfòmasyon ansanm ak zouti pou soutni aprantisaj adomisil la. Enfòmasyon ki sou paj entènèt la disponib nan plizyè lang, lè yo itilize ikòn tradiksyon an.
- Biwo Edikasyon Bileng lan ap bay videyo pou gide paran ELL yo yon fason pou yo kapab ede pitit yo gen aksè nan platfòm aprantisaj vityèl Distri a.
- Tout komunikasyon yo ap fèt nan yon lang paran/responsab legal yo konprann.
- Kapab gen entèprèt ki disponib pou fanmi yo nan ka bezwen, tankou pandan reyinyon yo.
- Yo ap mennen yon seri aksyon sansibilizasyon ak edikatif bò kote fanmi yo pou ede yo konprann kisa aprantisaj adistans lan ye ak fason pou yo soutni pitit yo.
- Nou ap asire nou, ap gen ekite nan founiti aparèy teknoloji/aksè entènèt pou elèv ELL yo.

Responsabilite Elèv, Pwofesè, Administratè, Asistan Pwofesè ak Paran yo Pandan Ansèyman Adistans lan

Kiyès?	Responsabilite
Elèv	<ul style="list-style-type: none"> ● Ale lekòl chak jou. ● Angajman aktif nan leson yo. ● Jwenn aksè chak jou nan ajanda, videyo, ak lòt resous yo grasa Google Classroom. ● Fin fè devwa. ● Patisipe pandan aprantisaj senkwonize yo. ● Li, ekri, epi kreye chak jou.
Pwofesè Prensipal / Kontni	<ul style="list-style-type: none"> ● Bay leson senkwonize chak jou pou elèv yo. ● Kreye epi jere ajanda ak aktivite chak jou atravè Google Classrooms. ● Pibliye yon seri pwodui sou Google Classroom ki kapab ede elèv yo atenn objektif aprantisaj aktyèl yo. ● Gen asirans, elèv yo fè devwa yo. ● Kreye yon lis elèv priorite, yon seri elèv yo enkyè pou yo, y ap rele yon (1) fwa chak semèn apa kontakte yo pandan lè klas yo.
Pwofesè Resous, Pwofesè ESL, ak Entèvenan Akademik	<ul style="list-style-type: none"> ● Rankontre elèv yo chak jou grasa ti gwoup senkwonize. ● Bay leson an ti gwoup. ● Kreye yon lis elèv priorite, yon seri elèv yo enkyè pou yo, y ap rele yon (1) fwa chak semèn apa kontakte yo pandan lè klas yo. ● Mete direktè a ak pwofesè prensipal la okouran chak jou konsènan kantite elèv ki ap patisipe yo ansanm ak kantite elèv ki p ap patisipe yo.
Administratè Lekòl yo	<ul style="list-style-type: none"> ● Fikse epi fè manm pèsònèl la konn atant yo nan kesyon aprantisaj miks. ● Montre yo fleksib lè sa nesèsè. ● Prevwa yon pwèn kontak chak jou avèk manm pèsònèl la pou pale konsènan nenpòt enfòmasyon ki enpòtan. ● Asire yo, ansèyman adistans lan fèt. ● Fè lekòl yo konn desizyon byen presi ki pran konsènan ansèyman adistans lan. ● Gen asirans, yo anseye pwogram nan epi tabli yon kalandriye pou plan kou yo. ● Gen asirans, PLC yo pwograme epi yo fèt.
Pwofesè Asistan yo	<ul style="list-style-type: none"> ● Siveye elèv yo pandan ansèyman senkwonize yo. ● Ede elèv yo jwenn sipò nan aprantisaj adistans lan. ● Gen asirans, elèv yo fè devwa yo. ● Kenbe yon kominikasyon konsistan avèk pwofesè yo.
Paran yo	<ul style="list-style-type: none"> ● Fè pwofesè a oswa direktè a konnen si timoun ou an pa kapab asiste oswa patisipe nan leson yo pandan nenpòt jou li ye a. ● Ankouraje elèv yo vin gen yon seri abitud, epi ba yo yon kote ki an sekirite pou yo aprann. ● Asire yo, elèv yo devan òdinatè yo, yo pare pou enstriksyon depi nan kòmansman jounen lekòl la. ● Prevwa tan chak jou pou verifye devwa timoun ou an. ● Si w gen kesyon, tanpri, kontakte pwofesè pitit ou a nan telefòn oswa imèl. Asire w, ou konnen orè biwo pwofesè a.

Sèvis Sipò ki Kontribiye pou Elèv yo Revisi

Prezans

- Politik prezans Distri a toujou rete menm jan an pou ane eskolè 2024-2025 la. Distri a ap kolabore avèk fanmi yo pou met aksan sou enpak sa genyen nan domèn akademik lè elèv yo manke jou lekòl, epi pou itilize estrateji prevantif pou rezoud pwoblèm nan. Ap gen entèkansyon ki fèt pou jere rezon ki fè gen absans yo.
- Y ap konsidere Jounen Aprantisaj Adistans yo kòm jou prezans ki konte pou elèv la.
- Nou atann pou elèv yo ale lekòl chak jou, epi pou yo rive alè pou tout kou yo.
- Pandan ansèyman adistans lan, pwofesè yo ap note prezans yo nan PowerSchool depi nan kòmansman chak jou lekòl.
- Yo konsidere yon elèv prezan pou tout jounen an lè li patisipe nan tout aktivite ki senkwonize epi ki pa senkwonize yo pandan jounen sa a.
- Paran yo dwe fè pwofesè oswa direktè a konnen si pitit yo absan pou jounen an.
- Pwofesè yo ak manm pèsònèl edikatif la ap siveye patisipasyon adistans elèv yo ansanm ak reyalyasyon devwa yo. Y ap kontakte paran/responsab legal yo si sa nesèsè.
- Konseye nan kesyon prezans yo ap kontwòle absans elèv yo pa mwayen apèl telefòn, vizit adomisil, ak reyinyon yo fè avèk paran/responsab legal yo. Y ap kontinye kolabore avèk kominote eskolè a ak fanmi yo pou bay sipò.

Evalyasyon ak Nòt

Politik evalyasyon ak nòt la rete menm jan an. Elèv yo ap gen responsabilite pou fè devwa yo epi pwofesè yo ap fè kòmantè epi yo ap bay nòt, lè sa apwopriye. Yo kapab ranmase devwa yo atravè Google Classroom, san wete Google Docs, Google Slides, elatriye. Pandan ansèyman senkwonize yo, evalyasyon yo kapab fèt nan moman konvèsasyon aloral yo. Elèv yo ap kontinye resevwa rapò sou pwogrè epi bilten nòt chak twa (3) mwa, pandan ansèyman adistans lan.

Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl

NBOE a ap kontinye bay bezwen aprantisaj sosyo-emosyonèl yo priyorite yon fason pou devlope yon kilti ak yon klima eskolè pozitif nan tout lekòl nou yo. Piske Distri a konprann estrès ak enkyetid izòlman sosyal ak lè yo fèmen lekòl lakoz, l ap kontinye mete plizyè estrateji sou pye pou soutni elèv yo, fanmi yo, ak manm pèsònèl yo. Tout estrateji sa yo ap kontinye apre lekòl yo retounen nan aprantisaj an pèsòn.

- Reyinyon lè maten anvan kòmansman chak leson pou pèmèt elèv yo konekte epi reflechi.
- Meditasyon ak egzèsis an plen konsyans, lè sa posib.
- Yon seri leson sosyal ak emosyonèl ki entegre nan klas la grasa leson nivo 1 ak 2 nan pwogram ReThinkEd Scope and Sequence lan.
- Travayè sosyal ak konseye eskolè yo ap fè yon seri kontwòl chak jou.
- Konseye eskolè ak travayè sosyal yo ap anime yon seri seyans konsèy endividyèl epi kolektif.
- Gen resous nan kesyon konsèy ak sante mantal ki disponib pou fanmi ak manm pèsònèl yo, selon bezwen yo.

- Gen opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou manm pèsònèl lekòl yo sou yon seri sijè tankou dèy ak pèt, depresyon, enkyetid, teknik motivasyon, pwogram sosyal ak emosyonèl, ak pwomosyon pou byennèt mantal.
- Pèsònèl sipò, san wete konseye eskolè, sikològ ak travayè sosyal yo ap travay ansanm yon fason ki fleksib anndan tout lekòl la pou konble bezwen elèv yo.
- Kontinye patenarya avèk ajans sante mantal yo pou soutni elèv yo.
- Planifye epi fè aktivite ak evènman vityèl nan Kalandriye ane a sou Kilti ak Klima a.
- Entèkansyon nan kesyon aprantisaj sosyo-emosyonèl (social emotional learning, SEL)/sante mantal ap adapte avèk laj elèv yo grasa plizyè resous ki deja disponib nan Distri a. Pami resous sa yo gen, san se pa sa sèlman: Rethink SEL, Rainbows for All Children, School-Wide Support Teams, Mental Health Teams, Student Assistance Coordinators, NJ4S, MAYASA ak GoalBook.
- Travayè sosyal ak konseye eskolè yo ap kontinye fè suivi avèk elèv ak fanmi ki pa angaje nèt yo, pa mwayen kontak pèsònèl.
- Kontinye pou mete [Student Life webpage](#) la ajou avèk resous yo.

Sipò Konplemantè

Distri a ap kontinye fè patenarya avèk yon seri òganizasyon pou bay resous yon fason pou soutni elèv ak fanmi yo grasa sèvis konplemantè nan domèn ki vin apre yo:

- Sante Mantal
- Sèvis Premye Swen Sante ak Swen Dantè
- Angajman Fanmi
- Anrichisman Akademik
- Ankadreman

Livrezon Repa an Sekirite

Distri a ap mete plan ki vin apre a sou pye pou distribiye repa pou moun ki ap aprann adistans yo nan ka yon eta dijans yo deklare, yon ijans sante piblik yo deklare oswa yon direktif ajan oswa ajans sante ki apwopriye a bay nan objektif pou fèmen distri a akòz yon kesyon sante piblik. Tout enfòmasyon yo kapab chanje sou baz direktif Depatman Agrikilti a (Department of Agriculture, DOA) bay.

Distribisyon Repa pou Moun ki Ap Aprann Adistans:

- Lendi ak Jedi, 7:30 nan maten jiska 11:30 nan maten.
- Nan livrezon lendi a ap gen repa pou lendi, madi, ak mèkredi.
- Nan livrezon jedi a ap gen repa pou jedi ak vandredi.
- Yon granmoun dwe akonpaye timoun piti yo lè yo ap vin chèche repa nan youn (1) nan lokal ki toupre lakay yo oswa kote yo abite aktyèlman an.

Lokal pou Distribye Repa

Lokal Katye Santral	Lokal Katye Lès
Central High School 246 18 th Avenue, Newark, NJ 07108	East Side High School 238 Van Buren Street, Newark, NJ 07105
Louise A. Spencer 150 3 rd Street, Newark, NJ 07107	Hawkins Street School 8 Hawkins Street, Newark, NJ 07105
Quitman Street School 21 Quitman Street, Newark, NJ 07103	Oliver Street School 205 Lafayette Street, Newark, NJ 07105
Science Park High School 260 Norfolk Street, Newark, NJ 07103	South Street School 44 Hermon Street, Newark, NJ 07105

Lokal Katye Lwès	Lokal Katye Sid
Ivy Hill Elementary School 107 Ivy Street, Newark, NJ 07106	Belmont Runyon School 1 Belmont Runyon Way, Newark, NJ 07108
Mount Vernon School 142 Mount Vernon Place, Newark, NJ 07106	George Washington Carver School 333 Clinton Place, Newark, NJ 07112
Speedway Avenue School 701 South Orange Avenue, Newark, NJ 07106	Peshine Avenue School 433 Peshine Avenue, Newark, NJ 07112
Thirteenth Avenue School 359 13 th Avenue, Newark, NJ 07103	Weequahic High School 279 Chancellor Avenue, Newark, NJ 07112

Lokal Katye Nò
Elliott Street School 721 Summer Avenue, Newark, NJ 07104
First Avenue School 214 First Avenue, Newark, NJ 07107
McKinley Elementary School 1 Colonnade Place, Newark, NJ 07104
Park Elementary School 120 Manchester Place, Newark, NJ 07104
Rafael Hernandez Elementary School 345 Broadway, Newark, NJ 07104

Transpò

Newark Board of Education jere kesyon transpò pou elèv ki nan lekòl NBOE yo, pandan Essex Regional Educational Services Commission (ERESC) jere kesyon transpò pou elèv nan Distri a ki ale nan lekòl oswa ki nan estaj andeyò Distri a.

Lè lekòl NBOE yo fèmen akòz lekòl fèmen yon fason ki pwolonje, transpò elèv yo ap kanpe jiskaske Distri a rekòmanse ansèyman an pèsòn nan. Si lekòl ki andeyò Distri a rete ouvri pandan lekòl NBOE yo fèmen, transpò elèv pou lekòl epi/oswa pwogram sa yo ap kontinye. Nan ka kote lekòl oswa pwogram ki andeyò Distri a fèmen, NBOE a ap kowòdone kesyon kanpe transpò a nan patenarya avèk ERESK.

Yon fason pou pwoteje elèv yo ak manm pèsònèl yo pandan trajè ale-retou nan lekòl, y ap mete estrateji ki vin apre yo sou pye pandan transpò eskolè yo:

- Kantite elèv nan yon bis ap limite yon fason pou favorize distans sosyal.
- Y ap netwaye tout bis yo apre chak trajè, sitou zòn ki fè anpil kontak yo, tankou ranp antre yo, devan ak dèyè chèz yo, manch fenèt yo, senti sekirite yo, manch pòt yo, elatriye.
- Ap gen dezenfektan pou men ki disponib nan chak bis epi nou ap ankouraje elèv yo pou itilize yo nan antre ak soti bis yo.
- Pandan peryòd lè Distri a fèmen yo, yo ap bay tout manm pèsònèl bis yo yon fòmasyon ki ap kontinye.

Enstalasyon

Biwo Enstalasyon yo pran angajman pou pwoteje elèv ak manm pèsònèl nou yo nan ka kote gen ijans deklare ki lakoz tout Distri a fèmen.

- Y ap fè antretyen nan bilding Distri a ak lekòl yo epi manm pèsònèl antretyen an ap ranpli yon lis kontwòl pou netwayaj/dezenfeksyon.
- Manm pèsònèl antretyen an ap netwaye epi dezenfekte sifas ak zòn ki gen anpil kontak yo regilyèman.
 - Biwo elèv ak pwofesè yo
 - Ekipman pou anseye yo
 - Inite Chofaj/Klimatizè yo
 - Fontèn dlo yo
 - Twalèt gason ak fi yo
 - Zòn ki laj, zòn jeneral yo (sètadi oditoryòm, kafeterya, koulwa, elatriye)
- Manm pèsònèl antretyen an jere founiti tankou savon, dezenfektan pou men ak sèvyèt papye yo.
- Manm pèsònèl antretyen an ap chanje filtè nan tout inite chofaj, fenèt, do bilding ak klimatizè yo.
- Pandan peryòd kote Distri a fèmen yo, yo ap bay yon fòmasyon ki ap kontinye sou fason pou fè antretyen nan bilding yo epi pou itilize ekipman yo.

Biwo Enstalasyon yo ap asire li, tout bilding Distri a ak lekòl yo pare pou ouvri avèk siksè nan moman ki apwopriye a.

Lòt Pwogramasyon

Nan plan pou ansèyman adistans lan gen sa ki vin apre yo:

- **Opòtinite Aprantisaj Akselere**
 - Gen yon pakèt estrikti ki egziste pou soutni Opòtinite Aprantisaj Akselere a (Accelerated Learning Opportunities, ALO), tankou Plasman Avanse, Kou Onè, Pwogram lè Samdi, Doub Enskripsyon, ak klas Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE). Nan mitan tout inisyativ sa yo, gen yon pwogram etid ki bay garanti, y ap atenn nivo estanda nan kesyon eskolè, epi pwofesè ak elèv yo kapab gen aksè nan sipò sa yo yon fason vityèl.
 - Epitou, dokiman ki gen rapò ak pwogram eskolè yo gen yon seri metòd ki pèmèt yo idantifye epi jere pwoblèm nan kesyon aprantisaj yo. Pwogram pou tout inisyativ sa yo atire atansyon sou idantifye epi jere pwoblèm yo byen vit yon fason pou elèv yo kapab aplike konesans sa yo pou yo atenn nivo estanda eskolè a.

- **Aprantisaj Pwolonje**
 - Biwo Aprantisaj Pwolonje a pwopoze yon pwogram Excel Afterschool pou elèv nan klas Pre-K rive nan klas 8^{èm} Ane yo soti 3è:00 nan apre midi pou rive 5è:50 nan apre midi, lendi rive vandredi. Menm jan ak ansèyman nan klas chak jou yo, pwofesè Excel yo ap bay elèv ki ap patisipe yo yon ansèyman nimerik senkwonize, epi moun ki ap aprann yo ap benefisye ni konpozan akademik ni konpozan anrichisman. Pwogram ansèyman an ap fèt nan Literati ak Lang Anglè (English Language Arts, ELA) ak Matematik. Pwogram ansèyman an ap fèt nan Literati ak Lang Anglè (ELA) ak Matematik, alòske se pwofesè nan Distri a ansanm ak yon seri founisè espesyalize ki ap òganize aktivite anrichisman yo.
 - Nan posibilite aprantisaj pwolonje pou elèv lekòl segondè yo gen alafwa konpozan akademik ak anrichisman (sètadi ansèyman kontni byen presi, echèk, deba, elatriye).

- **Pwogram Sant Aprantisaj Kominotè 21^{èm} Syèk**
 - Newark Board of Education fè patenarya avèk plizyè òganizasyon kominotè pou mete sou pye Pwogram Sant Aprantisaj Kominotè 21^{èm} Syèk nan lekòl li yo. Grasa kolaborasyon epi kominikasyon, Distri a ap asire li, pwogram nan ap kontinye adistans avèk chak patnè, yon fason pou eksperyans aprantisaj pwolonje a pa kanpe pou elèv yo.

- **Rekipasyon Kredi**
 - Yo pwopoze rekipasyon kredi a atravè yon seri modil kou epi yo kapab ofri li adistans. Yo ap mete modil kou sa yo disponib pou elèv yo pandan ane eskolè a. Modil sa yo ap fèt poukont yo, epi elèv yo ap travay avèk pwofesè yo pou fini yo avèk siksè.

- **Eksperyans Sal Klas Pwolonje**
 - Biwo Ansèyman ak Aprantisaj la pwopoze Eksperyans Aprantisaj nan Sal Klas Pwolonje pou elèv nan klas PreK-12 yo. Sòti edikatif sa yo gen rapò avèk pwogram yo anseye nan salklas la. Pandan ansèyman adistans lan, elèv yo kapab patisipe nan sòti edikatif vityèl. Nan sòti edikatif sa yo kapab gen vizit vityèl nan fèm, mize, zou ak lòt kote nan zòn nan. Pwofesè yo gen resous pou soutni ansèyman elèv yo anvan epi apre chak sòti edikatif.

- **Pwogram Ko-kourikoulòm**
 - Distri a te re-imagine fason pou kreye yon seri pwogram ko-kourikoulòm adistans. Piske Distri a konprann aktivite sa yo bay elèv yo yon santiman koneksyon epi ki nòmal, li ap kontinye pwopoze pwogram ko-kourikoulòm pou elèv yo. Se kapab Klèb, Aktivite Espòtif, Asosyasyon Etidyan, Travay Atistik Vizyèl ak Espèktak, elatriye.

- **Pwogramasyon Kominotè**
 - Distri a konprann jan lyen ki genyen ant kay la ak lekòl la enpòtan, epi li pran angajman pou kenbe yon seri pwogram kominotè. Pwogram kominotè yo, tankou Sware Retounen Lekòl, Egzamen Bidjè, University Parent, ak Tèt Kole sou Enstriksyon, ap kontinye adistans. Yon fason pou asire yon sipò dirèk epi nan bon moman pou elèv yo ak fanmi yo, chak lekòl ap gen biwo prensipal vityèl.

- **Leson Patikilye**
 - Gen prèy ki montre gwo dòz leson patikilye yo, ki lye dirèkteman ak kontni klas la, ki pouse elèv yo akselere nan travay yo olye pou remete yo nan nivo, fè elèv ki gen difikilte yo rive fè gwo pwogrè nan kesyon Matematik ak kesyon Lektif. Gen chanjman nan pwogram eskolè a ki deja apwouve, sa ki ap pèmèt yo ofri posibilite pou leson patikilye pandan jounen ansèyman an. Leson patikilye yo kapab fèt anvan, pandan, oswa apre lekòl. Distri a te deblòke fon pou leson patikilye nan tout lekòl epi pou tout elèv yo. Nan ka kote gen yon ijans deklare ki lakoz tout Distri a fèmen, leson patikilye yo ap kontinye adistans.

Apenndis A: Resous ak Zouti Aprantisaj Anliy pou Soutni Elèv/Fanmi

- [Remote Learning Code of Student Conduct](#)
- [Enstriksyon aprantisaj adistans Pre-K-2](#)
- [Enstriksyon aprantisaj adistans 3-5](#)
- [Enstriksyon aprantisaj adistans 6-12](#)
- [Clever Student Portal](#)
 - [How to Log into the Clever Student Portal](#)
 - Si w ap Itilize Chromebook NBOE, a Pòtay Clever Student nan ap telechaje otomatikman lè w fenk konekte nan Chromebook la epi w chwazi konekte avèk Google.
 - Nan nenpòt moman, pou w tounen nan Pòtay Clever Student lan, ou kapab chwazi nps.k12.nj.us bookmarks anwo agoch epi klike sou Student Portal.
- [Google Classroom](#)
 - Klike sou lyen Google Classroom la nan Pòtay Clever Student lan. Sa ap ouvri lis Google Classrooms yo. Klike sou Classroom nan pou antre.
 - Pou antre nan yon nouvo Classroom:
 - Klike sou Siy Plis la
 - Klike sou Antre nan Klas
 - Antre Kòd Klas pwofesè a te bay la
 - Klike sou Antre
- Materyèl Aksesib Atravè [Pòtay Clever Student](#)
 - Literati Lang Anglè
 - [Klas K-3 Great Minds](#)
 - Resous Siplemanchè
 - [3-12 Newsela](#)
 - [6-12 Common Lit](#)
 - [6-12: NoRedInk](#)
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Discovery Education](#)
 - Matematik
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Imagine Learning](#)
 - Resous Siplemanchè
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Discovery Education](#)
 - [Klas Matènèl jiska 8^{èm} ane: Dreambox](#)
 - Syans
 - [Klas Matènèl jiska 5^{èm} ane: McGraw Hill Science](#)
 - [Klas 6-8 IQWST Pòtay Pwofesè](#)
 - [Lekòl Segondè: McGraw Hill](#)
 - Resous Siplemanchè
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Discovery Education](#)
 - Syans Sosyal
 - [Klas 6^{èm} jiska 12^{èm} ane: HMH](#)
 - Resous Siplemanchè
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Discovery Education](#)
 - Sante ak Edikasyon Fizik
 - [High School McGraw Hill](#)
 - Resous Siplemanchè
 - [Klas Matènèl a 12^{èm} Ane: Discovery Education](#)

Apenndis B: Resous ak Zouti Aprantisaj Anliy pou Soutni Pwofesè

- [Collaboration: EdPuzzle](#)
 - [EdPuzzle Guide](#)
- [Google Teach from Home Tutorials](#)
- [G-Workspace Tutorials](#)
- [Grade Pre-K MyTeachingStrategies](#)
- [Grade Pre-K Second Step](#)
- [Grades K-12 Google Classroom](#)
 - [Getting Started with Google Classroom](#)
 - [Google Classroom Help Center](#)
- [Lumio](#)
- [OTIS PD Platform](#)
- [Pear Deck](#)
- [Read&Write for Google Chrome](#)
- [Screencastify: Student Voice Feedback](#)
 - [Using Screencastify](#)
 - [Screencastify Courses](#)
- [Student Feedback: Embedded Comments into Student Work](#)
- [Webex](#)
 - [Webex Guide](#)
 - [Guidance for Teachers](#)